

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkab atawa ngadarkeun hiji pasualan. Dina hiji panalungtikan, saurang panalungtik merlukeun méthode pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Demi tujuan ieu panalungtikan nya éta ngadarkeun téks rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* nu medal taun 2011 ditilik tina aspék eusi, kabasaan, katut téhnik panulisanana, sarta ngadéskripsikeun ieu rubrik pikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur, hususna dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. Luyu jeung éta tujuan, méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif nya éta akumulasi data dasar ku cara déskriptif wungkul, teu silihpangaran, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, atawa teu ngahasilkeun makna implikasi (Suryabrata dina Hadeli, 2006: 63). Méthode déskriptif mangrupa méthode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngaréngsékeun pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun, nglasifikasikeun sarta ngainterprétasikeun data, tur ngabogaan tujuan nyieun gambaran anu sistematis jeung faktual ngeunaan fakta-fakta, situasi-situasi atawa kajadian-kajadian, jeung sipat-sipat/karakteristik populasi atawa daérah anu tangtu.

Dina prak-prakanana métode déskriptif teu ngan saukur ngadarkeun, ngumpulkeun, jeung nyusun data wungkul, tapi dibarung ku ngainterprétasikeun harti tina data.

Métode déskriptif digunakeun sabab dipaké pikeun:

- 1) ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung ngagambarkeun gejala-gejala anu aya dina bahan anu dianalisis;
- 2) ngaidéntifikasi masalah nu aya atawa meunangkeun justifikasi kaayaan jeung prakték-prakték nu eukeur jeung geus lumangsung;
- 3) nyieun komparasi jeung évaluasi;
- 4) nangtukeun sagala rupa nu bisa dicokot atawa kumaha implikasina tina pangalaman pikeun ngarancang kaputusan dina mangsa nu bakal datang.

(Suryabrata dina Hadel, 2006: 64).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis aspék eusi nu ngawengku topik, judul, jeung mekarkeun eusi. Éta aspék eusi téh dianalisis kalawan diwilah-wilah nurutkeun sababaraha wanda nu tangtu, nu ngawengku topik, judul, jeung mekarkeun eusi. Kitu ogé dina analisis aspék kabasaan, nu dianalisis nurutkeun éjahan (kasalahan éjahanana) jeung diksi nu digunakeun. Dina analisis aspék téhnik panulisan, didésripsikeun ngeunaan nulis paragraf jeung struktur panulisan nu digunakeun dina rubrik Balé Bandung. Sanggeus kitu, laju didésripsikeun ngeunaan rubrik ieu pikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur, hususna dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI nurutkeun analisis saméméhna

(analisis aspék eusi, kabasaan, jeung téhnik panulisan) dipatalikeun jeung bahan pangajaran nulis éséy nu dipedar dina kajian téori dina Bab II.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka jeung analisis data. Téhnik studi pustaka jeung analisis data digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar teoritis nu satuluyna dilarapkeun sacara aplikatif. Téhnik ieu dilaksanakeun ku cara ngulik rupaning sumber pustaka nu aya patalina jeung panalungtikan. Sumber utama nu jadi bahan panalungtikan nya éta téks rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* nu medal taun 2011. Lian ti kitu, digunakeun sumber séjén salaku bahan pangrojong, nya éta rupaning buku jeung wanda tinulis séjénna nu aya patalina jeung panalungtikan kayaning buku métodologi panalungtikan, nulis, éséy, jeung skripsi.

3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analitik. Ku cara nganalisis, ngainterprétasi, jeung nyutat sajumlahing data nu aya dina téks rubrik Balé Bandung nu jadi sumber panalungtikan, nu ngawengku kana aspék eusi, kabasaan, sarta téhnik panulisan éta rubrik anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran nulis éséy dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh objék nu mungkin tur bisa méré informasi nu mangpaat pikeun panalungtikan kalawan fungsina salaku sumber data. Populasi ngandung opat hal poko, nya éta eusi, unit, tempat atawa ruang, jeung waktu. Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan, nya éta, sakumna téks rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* nu ditulis ku Karno Kartadibrata.

3.2.1.1 Rubrik Balé Bandung

Balé Bandung mangrupa salasahiji rubrik nu aya dina majalah *Manglé*. Ieu rubrik nu nempatan kaca 58 dina éta majalah téh ditulis ku Karno Kartadibrata. Eusina mangrupa bahasan sarta pamadegan Karno Kartadibrata ngeunaan rupaning hal nu lumangsung di tatar Sunda jeung Indonesia nu ngagunakeun analisis anu gemet, kritis, jeung eusi éta pedaran téh dipidangkeun kalawan dangka waktu anu teu pati lila jeung kajadian rupaning pasualan éta (*up to date*) kalawan panjang tulisan kurang leuwih 4200 karakter. Ieu rubrik remen méré panggitik kana lumangsungna kagiatan pamaréntahan di Indonesia sarta ka para pangagung di tatar Sunda jeung di Indonesia.

Rubrik Balé Bandung remen matalikeun bahasan nu ditulis dina ieu rubrik saban mingguna kana situasi jeung kondisi kasundaan ayeuna. Hal ieu kaharti pisan sabab aya dina majalah *Manglé*, majalah nu ngagunakeun basa Sunda sarta ngabogaan visi jeung misi ngahirup-huripkeun budaya Sunda tur jadi média komunikasi urang Sunda. Rubrik ieu medal saminggu sakali luyu jeung medalna

majalah *Manglé* nya éta unggal poé Kemis. Dina taun 2010 rubrik Balé Bandung pernah dibukukeun kalawan judul *Léngkah-Léngkah Urang Sunda dina Pulitik jeung Budaya* nu dipedalkeun ku Panglawungan Purnama Alam gawé bareng jeung Yayasan Masyarakat Sejarawan Indonesia cabang Jawa Barat.

3.2.1.2 Majalah *Manglé*



Dina basa Sunda *manglé* hartina kembang malati nu dijadikeun hiasan gelung awéwé. Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (2007) *manglé* dihartikeun “Untaian

kekembangan, daun pandan meunang nyisik jsté. Sok dipake ku awéwé, dina gelung gedé sarta seungit.”

Majalah *Manglé* munggaran medal dina tanggal 21 Oktober 1957 di Bogor kalawan oplah 500 éksemplar. Tapi, édisi munggaranna ieu kakara diédarkeun dina tanggal 21 Novémber 1957 ku cara dibagikeun ka masarakat sacara haratis. Tanggal 21 Novémber ieu nu dijadikeun titimangsa lahirna *Manglé*. *Manglé* lahir tina kapadulian sababaraha urang Sunda kana budaya Sunda, nya éta Oeton Moechtar, Rochamina Sudarmika, Saleh Danasasmita, Wahyu Wibisana, Sukanda Kartasasmita, Ali Basyah, jeung Abdullah Romli. Ku kituna, dina sampul ieu majalah aya *manglé* nu mangrupa untaian tujuh kembang malati nu ngagambarkeun tokoh-tokoh nu ngadegkeunana.

Manglé édisi munggaran dingaranan *Sekar Manglé*. Frékuénsi medalna ngan saukur sabulan sakali kalawan kandelna 20 kaca tur pidangan anu kacida basajanna nu ngan saukur ngagunakeun warna hideung jeung bodas wungkul. Lian ti kitu, ilustrasi sampul nu digunakeun taya hubunganana jeung eusi majalah.

Dina bulan Désémber 1962 *Manglé* pindah ka Bandung nu alamatna di Jl. Buah Batu No. 43. Nu jadi tinimbanganana, Bandung mangrupa puseur pamaréntahan jeung budaya Jawa Barat sarta ngabogaan ajén-inajén historis jeung kultural nu poténsial pikeun kamekaran, kamajuan, jeung pamasaran majalah *Manglé*. Tilu taun sanggeus *Manglé* pindah ka Bandung, *Manglé* bisa medal dua kali dina sabulan kalawan oplah nu kacida badag nu manglipet-lipet upama dibandingkeun jeung nalika *Manglé* medal di Bogor, nya éta, 140 kali lipet édisi munggaran nu jumlahna 70.000 éksemplar dina saédisina.

Dina taun 1971 kantor *Manglé* pindah deui, sok sanajan masih di kota Bandung nya éta ka Jl. Lodaya No. 19—21. Ti mimiti danget ieu, *Manglé* medal saminggu sakali unggal poé Kemis. Awalna, *Manglé* dicitak ngagunakeun sistem *letter press* kalawan tempat percetakan anu pundah-pindah. Tapi, dina bulan Oktober 1980 majalah *Manglé* bisa dicitak ngagunakeun percetakan pribadi.

Luyu jeung kamekaran jaman, dina taun 1998, nalika krisis ékonomi tumiba ka Indonesia, *Manglé* oge kakeunaan akibatna. Hal ieu ngajadikeun réana instansi-instansi sarta masarakat pamaca *Manglé* nu ngeureunkeun ngalanggan ieu majalah. Ku kituna, oplah majalah *Manglé* turun drastis nepi ka ngan ngahontal angka 4000 éksemplar dina sakali medal. Kaayaan ieu lumangsung nepi ka kiwari.

Visi *Manglé* nya éta jadi kareueus urang Sunda satungtung hirup. Sedeng misina, nya éta: (1) Hayang ngajaga, miara basa, sastra, katut filosofi Ki Sunda. (2) Jadi média komunikasi antara urang Sunda nepi ka ahir jaman. (3) Ngajaga katut ngalestarikeun budaya Sunda jeung budaya étnis séjénna. (4) *Profit oriented* nu saimbang antara rasa miboga ka Sunda kalawan taraf hirup dina mangsana.

Sedeng slogan ieu majalah nu ngaran lengkepna *Majalah Mingguan Basa Sunda Manglé* nya éta “Sukaning Indriya Gapuraning Rahayu” (*kegembiraan dan kesenangan indera merupakan gerbang menuju kebahagiaan*). Ieu slogan ogé mangrupa kronogram nu nuduhkeun taun lahirna *Manglé* nya éta 1957.

Kandel majalah *Manglé* kiwari aya 60 kaca, sedeng jumlah rubrikna nepi ka 30 siki. Sabagian ieu rubrik medal bagiliran sacara teu tangtu dina unggal édisina, nya éta:

- | | |
|-------------------------------|---------------------------------|
| 1) Lawang Saketeng; | 12) Carpon; |
| 2) Daptar Eusi; | 13) Sajak; |
| 3) Kaca Tilu; | 14) Dangding; |
| 4) Koropak; | 15) Implik-Implik; |
| 5) Tamu; | 16) Katumbiri; |
| 6) Bahasan; | 17) Kingkilaban; |
| 7) Laporan; | 18) Nyusur Galur Mapay Raratan; |
| 8) Mimbar Atikan; | 19) Kolom; |
| 9) Munara Cahya; | 20) Dongéng Aki Guru; |
| 10) Tanya Jawab Munara Cahya; | 21) Panineungan Urang; |
| 11) Aweuhan Pasundan; | 22) Balé Bandung; |

- | | |
|--|---|
| 23) Puriding Puringkak; | 25) Barakatak; |
| 24) Carita Nyambung (Kembang-Kembang
Anten, Riwayat Kandjeng Nabi
Moehammad SAW,
Wawacan Purnama Alam,
Carita Sarébu Samalem); | 26) Tarucing Cakra;
27) Tangara;
28) Lempa Lempi Lempong;
29) Manglé Alit;
30) Manglé Rumaja. |

3.2.1.3 Riwayat Hirup Karno Kartadibrata



Karno Kartadibrata lahir di Garut, ping 10 Fébruari 1945. Anjeunna kungsi kuliah di IKIP Bandung ngulik basa jeung sastra Sunda nepi ka hatamna. Ti taun 1967 ancub kana dunya jurnalistik, icikibung jadi saurang wartawan di Bandung. Kungsi jadi wartawan surat kabar *Harapan Rakyat* (1966—1969), mingguan *Mimbar Demokrasi* (1970—1971), harian *Kami* (1973—1974), jeung majalah *Prima* (1974—1976). Ti taun 1977 jadi salasahiji redaktur majalah *Manglé* malah kungsi jadi wakil pamingpin redaksina sarta sok nulis rubrik Balé Bandung. Lian ti sok nulis dina basa Sunda, anjeunna ogé remen nulis dina basa Indonesia. Karangan dina basa Indonesiana nu mangrupa sajak pernah dibukukeun nya éta *Lipstik* (1981) jeung *Parfum* (1997). Sedeng dina basa Sunda kumpulan sajakna judulna *Piknik* nu mangrupa karya-karyana antara taun 1969—2007 medal dina taun 2009 ku pamedal Kiblat.

Lian ti giat nulis, Karno Kartadibrata téh aktif ogé dina sababaraha organisasi, di antarana jadi ketua Kelompok Diskusi Seni Bandung (1970),

sekretaris Paguyuban Pangarang Sastra Sunda nu ayeuna katelah Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (1979), jeung pangurus Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (1994—1998). Dina taun 2010 kungsi dilélér hadiah sastra Rancagé.

3.2.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian objék tina populasi nu dipilih pikeun ditalungtik. Dina ieu panalungtikan pikeun nangtukeun sampel digunakeun sampel purposif, nya éta sampel anu dipaké dumasar kana tujuan anu tangtu nepi ka bisa nyumponan kahayang jeung kapentingan panalungtikan. Sampel purposif di dieu, nya éta, sakabéh éséy nu mangrupa téks rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* nu medal taun 2011 ti bulan Januari nepi ka bulan Désémber, jumlahna aya 48 éséy. Di handap dipidangkeun rincianana.

Tabél 3.1
Daptar Éséy dina Rubrik Balé Bandung nu Medal Taun 2011

No.	Kode Éséy	No. <i>Manglé</i>	Tanggal Medal	Judul
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	É1	2304	6—12 Januari 2011	Lembaga mah Geus Aya
2	É2	2305	13—19 Januari 2011	Karek Sataun
3	É3	2306	20—26 Januari 2011	Komunikasi Pamarentah jeung Masarakat
4	É4	2307	27 Jan—2 Fébruari 2011	Ulah Nepi ka Telatna
5	É5	2308	3—9 Fébruari 2011	Dana jeung SDM
6	É6	2309	10—16 Fébruari 2011	Ngabahas Restorasi Meiji
7	É7	2310	17—23 Fébruari 2011	Mesir jeung Urang
8	É8	2311	24 Féb—2 Maret 2011	Sabada Mubarak Turun
9	É9	2312	3—9 Maret 2011	Catetan-Catetan
10	É10	2313	10—16 Maret 2011	Karep Rahayat?
11	É11	2314	17—23 Maret 2011	Media Strategi Apresiasi
12	É12	2315	24—30 Maret 2011	Sajarah Kota
13	É13	2316	31 Maret—6 April 2011	Paris Sembiring
14	É14	2317	7—13 April 2011	Dada Rosada jeung Kabudayaan
15	É15	2318	14—20 April 2011	Harengheng Timur Tengah jeung Pemilu 2014
16	É16	2319	21—27 April 2011	Pameran, Pasar Malem, Pesta Seni, Gelar Ilmu
17	É17	2320	28 April—4 Méi 2011	Kamampuh Mekarkeun jeung Ngamangpaatkeunana
18	É18	2321	5—11 Méi 2011	Dua Hal Penting
19	É19	2322	12—18 Méi 2011	Sawala UPI

20	É20	2323	19—25 Méi 2011	Pancasila
21	É21	2324	26 Méi—1 Juni 2011	Pajabat
22	É22	2325	2—8 Juni 2011	Meureupan ti Kajauhan
23	É23	2326	9—15 Juni 2011	Tagiheun Balaréa
24	É24	2327	16—22 Juni 2011	Anugerah Pakuan Naon Udagan Propinsi Jawa Barat?
25	É25	2328	23—29 Juni 2011	Partey Pulitik Can Bisa Diandelkeuna
26	É26	2329	30 Juni—6 Juli 2011	Kunaon Teu Kadenge Aweuhanana?
27	É27	2330	7—13 Juli 2011	Ti nu Babari Heula
28	É28	2331	12—20 Juli 2011	Kang Tjetje 76 Taun
29	É29	2332	21—27 Juli 2011	Instruksi
30	É30	2333	28 Juli—3 Agustus 2011	Révolusi Budaya
31	É31	2334	4—10 Agustus 2011	Kaderisasi
32	É32	2335	11—17 Agustus 2011	Oportunis Ngadéwakeun Duit
33	É33	2336	18—24 Agustus 2011	Pada Neunggeul ti Ditu ti Dieu
34	É34	2338	8—14 Séptémber 2011	6 Taun
35	É35	2340	22—28 Séptémber 2011	Mudik
36	É36	2341	29 Sépt—5 Oktober 2011	Geus Leuwih ti Sawindu
37	É37	2342	6—12 Oktober 2011	Dalah Dikumaha
38	É38	2343	13—19 Oktober 2011	Mundur salengkah - dua langkah
39	É39	2344	20—26 Oktober 2011	Kiruh ti Sungapanana
40	É40	2345	27 Okt—2 Novémber 2011	Muguhkeun Garapan
41	É41	2346	3—9 Novémber 2011	Nulis Biograpi
42	É42	2347	10—16 Novémber 2011	Studi Kawasan Sunda
43	É43	2348	17—23 Novémber 2011	Lauk Kasaatan
44	É44	2349	24 Nov—1 Désémber 2011	Silaturahmi Paradaban
45	É45	2350	2—7 Désémber 2011	Mimiti Tatahar
46	É46	2351	8—14 Désémber 2011	Jadi Bangsa Indonesia
47	É47	2352	15—21 Désémber 2011	Kapamingpinan
48	É48	2353	22—28 Désémber 2011	Ti KIBS I ka KIBS II

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih gampang tur hasilna alus, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung ngéntép seureuh. Dina ieu panalungtikan instrumén nu digunakeun nya éta slip data, sangkan data nu kapanggih tina téks sumber gampang ngawilah-wilahna.

Pikeun nganalisis eusi éséy, nu ngawengku topik, judul, jeung ngamekarkeun eusi digunakeun instrumén di handap.

Tabel 3.2
Analisis Topik, Judul, jeung Mekarkeun Eusi

No.	Kode Éséy	Topik	Judul	Mekarkeun Eusi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Pikeun nganalisis aspék kabasaan, nu ngawengku éjahan jeung diksi digunakeun instrumén di handap.

Tabél 3.3
Analisis Éjahan jeung Diksi

No.	Kode Éséy	Jenis Kasalahan	Ditulisna	Kuduna
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Pikeun nganalisis téhnik panulisan, nu ngawengku nulis paragraf jeung struktur panulisan digunakeun instrumén di handap.

Tabel 3.4
Analisis Nulis Paragraf jeung Struktur Panulisan

No.	Kode Éséy	Paragraf	Struktur Panulisan		
			Bubuka	Eusi	Panutup
(1)	(2)		(3)	(4)	(5)

3.4 Léngkah Garapan Panalungtikan

3.4.1 Tatahar

Léngkah garapan dina tahap tatahar, ngawengku:

- 1) nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) nyieun *outline* panalungtikan;

- 3) ngulik pustaka;
- 4) nyieun proposal panalungtikan;
- 5) konsultasi ka dosén pangaping I jeung II.

3.4.2 Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data, ngawengku kana:

- 1) ngayakeun observasi;
- 2) nangtukeun rubrik Balé Bandung nu rék dijadikeun sumber panalungtikan;
- 3) maca sagemblengna rubrik Balé Bandung nu jadi sumber panalungtikan.

3.4.3 Ngolah Data

Sanggeus data nu diperlukeun kapanggih, saterusna data diolah ku cara:

- 1) nganalisis eusi rubrik Balé Bandung;
- 2) nganalisis aspék kabasaan rubrik Balé Bandung;
- 3) nganalisis téhnik panulisan rubrik Balé Bandung;
- 4) matalikeun rubrik Balé Bandung kana bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur, hususna dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

3.4.4 Nyusun Laporan

Sanggeus data tina panalungtikan diolah, saterusna disusun jadi hiji laporan dina wangun karya ilmiah nu geus tangtu sarta puguh aturan jeung éntép seureuhna nya éta skripsi.

